СОГЛАШЕНИЕ

между Правительством Карачаево-Черкесской Республики Российской Федерации и Правительством Республики Южная Осетия о торгово-экономическом, научно-техническом и культурном сотрудничестве

Правительство Карачаево-Черкесской Республики Российской Федерации и Правительство Республики Южная Осетия, именуемые в дальнейшем Сторонами,

принимая во внимание взаимную заинтересованность в углублении и расширении двустороннего торгового, экономического, научно-технического и культурного сотрудничества,

сознавая необходимость более эффективного использования имеющихся у Карачаево-Черкесской Республики Российской Федерации и Республики Южная Осетия экономических, производственных, финансовых, имущественных, интеллектуальных, культурных и других возможностей,

придавая особое значение поддержке и развитию предпринимательства, установлению и расширению прямых связей между хозяйствующими субъектами, зарегистрированными на территории Карачаево-Черкесской Республики Российской Федерации и территории Республики Южная Осетия (далее - хозяйствующие субъекты),

сознавая необходимость содействия более широкому, открытому и справедливому экономическому сотрудничеству,

руководствуясь Договором о дружбе, сотрудничестве и взаимной помощи между Российской Федерацией и Республикой Южная Осетия, подписанным в городе Москва 17 сентября 2008 года,

согласились о нижеследующем:

Статья 1

Стороны в соответствии с законодательством Российской Федерации и законодательством Республики Южная Осетия содействуют созданию на территории Карачаево-Черкесской Республики Российской Федерации и территории Республики Южная Осетия благоприятных условий для стабильного развития двусторонних взаимовыгодных связей на долгосрочной основе в различных отраслях экономики.

Статья 2

Стороны в рамках своей компетенции содействуют установлению прямых связей между хозяйствующими субъектами независимо от их организационно-правовых форм и форм собственности на основе договоров, заключаемых ими в соответствии с законодательством Российской Федерации и законодательством Республики Южная Осетия.

Объемы, номенклатура, цены на поставляемые товары и оказываемые услуги, а также условия и порядок взаиморасчетов указываются в договорах, заключаемых хозяйствующими субъектами. Стороны не несут ответственности по обязательствам, вытекающим из данных договоров.

Статья 3

Стороны в соответствии с законодательством Российской Федерации и законодательством Республики Южная Осетия развивают сотрудничество в области экономических связей путем обмена информацией, организации совместных ярмарок, выставок, взаимного продвижения товаров и услуг, производимых на территории Карачаево-Черкесской Республики Российской Федерации и территории Республики Южная Осетия.

Статья 4

Стороны в пределах своей компетенции оказывают содействие в реализации совместных инвестиционных проектов, направленных на реконструкцию и модернизацию предприятий, создание новых производственных мощностей, а также содействуют иным капиталовложениям, осуществляемым в соответствии с законодательством Российской Федерации и законодательством Республики Южная Осетия.

Статья 5

Стороны в рамках своей компетенции содействуют обмену научно-технической, экономической, правовой и иной информацией, за исключением информации, составляющей государственную тайну.

Статья 6

Стороны принимают согласованные меры по созданию благоприятных условий для развития и укрепления сотрудничества в области туризма и спорта, поощряют обмен туристическими и спортивными делегациями, способствуют установлению деловых связей между ассоциациями и предприятиями, осуществляющими совместное

предпринимательство в целях развития спорта, организованного и индивидуального туризма.

Статья 7

Стороны в соответствии с законодательством Российской Федерации и законодательством Республики Южная Осетия оказывают содействие в открытии и осуществлении деятельности торговых домов, организаций на территории Карачаево-Черкесской Республики Российской Федерации и территории Республики Южная Осетия.

Статья 8

Стороны расширяют и углубляют связи в области культуры, литературы и искусства, содействуя при этом в соответствии с законодательством Российской Федерации и законодательством Республики Южная Осетия доступу к культурно-историческому наследию, архивам, информационным базам данных и фондам.

Стороны всемерно содействуют:

участию профессиональных, самодеятельных и детских коллективов Карачаево-Черкесской Республики Российской Федерации и Республики Южная Осетия в проводимых на их территориях фестивалях, смотрах и конкурсах народного творчества, обмену художественными, театрально-художественными выставками, театрально-концертными гастролями, периодической и художественной литературой;

развитию сотрудничества и прямых контактов между учреждениями культуры, театрами, библиотеками, музеями, центрами культуры и досуга, клубными учреждениями, любительскими объединениями, молодежными организациями Карачаево-Черкесской Республики Российской Федерации и Республики Южная Осетия.

Статья 9

В целях координации сотрудничества, контроля за ходом выполнения настоящего Соглашения, обмена мнениями по представляющим взаимный интерес вопросам Стороны регулярно организуют рабочие встречи, консультации и переговоры.

По мере необходимости Стороны могут создавать совместные экспертно - аналитические и другие рабочие группы для решения отдельных вопросов в областях сотрудничества, предусмотренных настоящим Соглашением.

Статья 10

Разногласия между Сторонами относительно толкования и/или реализации положений настоящего Соглашения решаются путем консультаций и переговоров.

Статья 11

В настоящее Соглашение по взаимному согласию Сторон могут вноситься изменения и дополнения, являющиеся его неотъемлемой частью, оформляемые отдельными протоколами.

Статья 12

Настоящее Соглашение вступает в силу с даты получения последнего письменного уведомления о выполнении Сторонами соответствующих внутренних процедур, необходимых для вступления в силу настоящего Соглашения.

Настоящее Соглашение заключается сроком на пять лет. Срок его действия автоматически продлевается на последующие пятилетние периоды, если ни одна из Сторон не уведомит в письменной форме другую Сторону не менее чем за 6 месяцев до истечения соответствующего периода о своем намерении прекратить действие настоящего Соглашения.

Совершено в городе_____«___»_____2013 года в двух подлинных экземплярах, каждый на русском и осетинском языках, причем оба текста имеют одинаковую силу.

За Правительство
Карачаево-Черкесской Республики
Российской Федерации

_____
№ 237 от 12.12.13г.

За Правительство
Республики Южная Осетия

_____

Ф И Д Ы Д
Уæрæсейы Федерацийы Хъæрæсе-Черкесийы Республикæйы Хицауад æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауады ‘хсæн базарадон-экономикон, зонадон-техникон æмæ культурон æмгуыстады фæдылæ

Уæрæсейы Федерацийы Хъæрæсе-Черкесийы Республикæйы Хицауад æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауад, дарддæр – Дыууæ Фарсы,

базарадон-экономикон, зонадон-техникон æмæ культурон æмгуыстад фæарфдæр æмæ рауæрæхдæр кæнынмæ æмхуызон цымыдисдзинад хъусдардмæ исгæйæ,

Уæрæсейы Федерацийы Хъæрæсе-Черкесийы Республикæ æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны уæвæг экономикон, кондадон, финансон, исадон, интелектуалон, культурон æмæ æндæр фадæттæй эффективондæрæй спайда кæныны æнæмæнгхъæуындзинад æмбаргæйæ,

Уæрæсейы Федерацийы Хъæрæсе-Черкесийы Республикæйы территорийыл æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл регистрацигонд хæдзариуæггæнæг субъектты (дарддæр – хæдзариуæггæнæг субъекттæ) ‘хсæн комкоммæ бастдзинæдтæ фидар æмæ уæрæхдæр кæнынмæ æмæ амалиуæгады фарсхæцынад æмæ рæстæн сæрмагонд нысаниуæг дæтгæйæ,

уæрæхдæр, æргомдæр æмæ рæстагдæр экономикон æмгуыстадæн ахъаз кæныны æнæмæнгхъæуындзинад æмбаргæйæ,

Уæрæсейы Федераци æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны ‘хсæн хæлардзинад, æмгуыстад æмæ кæрæдзион æххуысы тыххæй 2008 азы 17 сентябры Мæскуыйы фыстæрцæуæг Бадзырдæй къухдариуæггæнгæйæ,

сразы сты дæлдæруæвæгыл:

Уац 1

Дыууæ Фарсы Уæрæсейы Федерацийы закъондæттынад æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадмæ гæсгæ ахъаз кæнынц Уæрæсейы Федерацийы Хъæрæсе-Черкесийы Республикæйы территорийыл æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл экономикæйы алы къабæзты бирææмгъуыдон бындурыл кæрæдзийæн æмхуызон пайдайы дыууæфарсон бастдзинæдты стабилон рæстæн хæрзиуæгон уавæртæ аразынæн.

Уац 2

Дыууæ Фарсы сæ компетенцийы фæлгæтты ахъаз кæнынц, Уæрæсейы Федерацийы закъондæттынад æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадмæ гæсгæ бафысгæ бадзырдты бындурыл сæ организацион-

барадон формæтæ æмæ исадон формæтæм æнæ кæсгæйæ, хæдзариуæггæнæг субъектты ‘хсæн комкоммæ бастдзинæдтæ аразынæн.

Æрвитгæ товарты æмæ бакæнгæ лæггæдты аргъ, гуырахст, номенклатурæ, афтæ ма кæрæдзион хыгъдты уавæртæ æмæ фæтк нысан цæуынц хæдзариуæггæнæг субъектты арæзт бадзырдты. Дыууæ Фарсы бæрндзинад нæ хæссынц ацы бадзырдтæй гуыргæ хæслæвæрдты тыххæй.

Уац 3

Дыууæ Фарсы Уæрæсейы Федерацийы закъондæттынад æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадмæ гæсгæ рæзын кæнынц æмгуыстад экономикон бастдзинæдты къабазы кæрæдзийæн информацийæ æххуыс кæныны, иумийаг армукъатæ, равдыстытæ организаци кæныны, Уæрæсейы Федерацийы Хъæрæсе-Черкесийы Республикæйы территорийыл æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл рауадзгæ товартæ æмæ лæггæдты кæрæдзионæй размæ кæныны хуызы.

Уац 4

Дыууæ Фарсы сæ компетенцийы фæлгæтты ахъаз кæнынц куыстуæтты реконструкци æмæ модернизацимæ здæхт иумиаг инвестицион проекттæ реализаци кæнынæн, ног кондадон хъомысадтæ аразынæн, афтæ ма ахъаз кæнынц æндæр капиталбавæрдтытæн Уæрæсейы Федерацийы закъондæттынад æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадмæ гæсгæ.

Уац 5

Дыууæ Фарсы сæ компетенцийы фæлгæтты ахъаз кæнынц зонадон-техникон, экономикон, барадон æмæ, паддзахадон сусæгдзинад кæм нæй, æндæр ахæм информацитæй кæрæдзийæн æххуыс кæнынæн.

Уац 6

Дыууæ Фарсы исынц æмразыгонд мадзæлттæ туризм æмæ спорты къабазы æмгуыстад рæзын æмæ фидардæр кæнынæн хæрзиуæгон уавæртæ аразынæн, разæнгард кæнынц кæрæдзимæ туристон æмæ спортивон делегацитæ æрвитын, ахъаз кæнынц спорты, организацигонд æмæ индивидуалон туризмы рæзты нысæнттæн иумиаг амалиуæгад æххæстгæнæг ассоциацитæ æмæ кондадты ‘хсæн хъуыддагон бастдзинæдтæ аразынæн.

Уац 7

Дыууæ Фарсы Уæрæсейы Федерацийы закъондæттынад æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадмæ гæсгæ ахъаз кæнынц базарадон хæдзæртты, организациты баконд æмæ архайд æххæст кæнынæн Уæрæсейы Федерацийы Хъæрæсе-Черкесийы Республикæйы территорийыл æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны территорийыл.

Уац 8

Дыууæ Фарсы уæрæхдæр æмæ арфдæр кæнынц бастдзинæдтæ культурæ, литературæ æмæ аивады къабæзты, уыимæ Уæрæсейы Федерацийы закъондæттынад æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны закъондæттынадмæ гæсгæ ахъаз кæнынц культурон-историон бынтæй, архивтæй, æрмæджыты информацион базæтæй æмæ æндæр фондтæй пайда кæнынæн.

Дыууæ Фарсы æппæтфарсонæй ахъаз кæнынц:

Сæ территоритыл уагъдцæуæг фестивалты, æркастыты, адæмон сфæлдыстады конкурсты Уæрæсейы Федерацийы Хъæрæсе-Черкесийы Республикæ æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны профессионалон, хæдархайгæ æмæ сывæллæтты коллективты хайадистæн, кæрæдзийы ‘хсæн аивадон, театралон-аивадон равдыстытæн, театралон-концертон гастролтæн, периодикон æмæ аивадон литературæйы баивдæн.

Уæрæсейы Федерацийы Хъæрæсе-Черкесийы Республикæ æмæ Республикæ Хуссар Ирыстоны культурон уагдæтты, театрты, библиотекæты, музейты, улæфæн æмæ культурон центрты, клубон уагдæтты, хъæппæрисадон баиугæндты, фæсивæдон организациты ‘хсæн æмгуыстад æмæ комкоммæ бастдзинæдты рæзтæн.

Уац 9

Æмгуыстад координаци кæныны, ацы Фидыд æххæст куыд цæуы, ууыл контрол кæныны, æмзæрдион цымыдисдзинады æвзарæг фарстыты тыххæй кæрæдзийы хъуыды зоныны нысæнттæн Дыууæ Фарсы регулярон æгъдауæй организаци кæнынц кусæгон фембæлдтæ, консультацитæ æмæ баныхæстæ.

Куыд бахъæуа, уымæ гæсгæ Дыууæ Фарсæн сæ бон у саразой иумийаг экспертон-аналитикон æмæ æндæр кусæгон къордтæ ацы Фидыды банысангонд æмгуыстады къабазы хицæн фарстаты скъуыддзаг кæныны тыххæй.

Уац 10

Ацы Фидыды уагæвæрдтæ æмбарын кæнын æмæ/кæнæ сæ пайда кæнынмæ хауæг Дыууæ Фарсы ‘хсæн фæзынгæ æнæразыдзинæдтæ скъуыддзаг цæуынц консультацитæ æмæ баныхæсты фæрцы.

Уац 11

Дыууæ Фарсы æмразыдзинадмæ гæсгæ ацы Фидыдмæ бахæссæн ис, йæ æнæаскъуынгæ хай чи сты, ахæм ивындзинæдтæ æмæ баххæсткæнинæгтæ, кæцытæ нысан цæуынц хицæн суагъæты.

Уац 12

Ацы Фидыд йæ тыхы цæуы, йæ тыхы бацæуынæн æнæмæнгхъæуæг мидæггагон æмбæлон процедурæтæ сæххæст кæныны тыххæй Дыууæ Фарсы ‘рдыгæй кæрæдзийæн фæстаг фыстæй фехъусинаг раттыны бонæй.

Ацы Фидыд арæзт цæуы фондз азы æмгъуыдмæ. Йæ архайд йæхигъæдæй дарддæргонд цæуы алы радон фондзазон æмгъуыдтæм, кæд æмæ йæ архайды æмгъуыды кæронæй 6 мæйы раздæр Дыууæ Фарсæй иу иннæ Фарсæн фыстæй нæ фехъусын кæна ацы Фидыдæн йæ архайд æруромыны фæндон.

Фыст æрцыд сахар _____ 2013 азы _____ «___» -æм боны дыууæ экземпляры, алкæцы дæр дзы уырыссаг æмæ ирон æвзæгтыл, уымæй дæр дыууæ текстæн дæр ис æмхуызон тых.

Уæрæсейы Федерацийы Хъæрæсе-Черкесийы Республикæйы Хицауады номæй

_____

Республикæ Хуссар Ирыстоны Хицауады номæй

_____